

**PANGAJARAN PAMAHAMAN EUSI PUISI NGALIWATAN PARAPRASA
MAKE MODEL PANGAJARAN DUMASAR MASALAH
KA MURID KELAS X SMK PASUNDAN 2 BANDUNG
WARSIH PANGAJARAN 2017/2018**

ku
**AI NENI
145030134**

RINGKESAN

Pangajaran téh raket patalina jeung tata cara diajar jeung ngajar. Pangajaran boga peran anu kacida penting pikeun ngajamin hirup manusa, nu perlu dijieun sagala rupa usaha pikeun ngaronjatkeun kualitas sahiji lulusan dina ningkatkeun cara usaha ieu nyaeta aspék unak usuk basa. Dina pamakéan basa boga aturan supaya urang bisa bener dina ngagunakeuna. Salahsahijina kamampuan basa nayeta maca. Dina maca murid hésé pisan ngarti eusi, utamana dina maca karya sastra dina wangun puisi. Salahsahiji cara anu digunakeun dina ngartikeun kana eusi puisi nyaeta ku cara paraprassakeun hiji puisi kana prosa. Masalah ulikan ieu nyaéta (1) Dupi panulis bisa ngarancanakeun, nerapkeun, sarta nganilai pangajaran ngarti eusi puisi ngaliwatan paraphrase ku model pangajaran dumasar masalah?; (2) Dupi murid kelas X SMK Pasundan 2 Bandung ngarti kana eusi puisi ngaliwatan paraphrase make modél pangajaran dumasar masalah?; (3) Aya bédana jeung henteu dina kamampuan murid nyieun paraprassa puisi saméméh jeung sanggeus dilarapkeun model pangajaran dumasar masalah?; (4) Naha modél pangajaran dumasar masalah dina pangajaran ngarti eusi puisi ngaliwatan paraphrase nu leuwih efektif dibandingkeun jeung pangajaran ngarti eusi puisi anu teu make model pangajaran dumasar masalah. Sedengkeun Tujuanna nyaeta (1) nganyahokeun kamampuan panulis dina ngarancanakeun, nerapkeun, jeung nganilai pangajaran ngartos eusi puisi ngalewatan paraphrase ku model pangajaran dumasar masalah; (2) nganyahokeun kamampuan murid kelas X SMK Pasundan 2 Bandung dina pamahaman eusi puisi ngalewatan paraphrase ku modél pangajaran dumasar masalah; (3) nganyahokeun kamampuan murid kelas X SMK Pasundan 2 Bandung dina nyieun paraphrase puisi samemeh jeung sanggeus diterapkeun model pangajaran dumasar masalah; (4) nganyahokeun kaefektifan model pangajaran dumasar masalah dina pangajaran ngarti eusi puisi ngaliwatan paraphrase, dibandingkeun jeung pangajaran ngarti eusi puisi anu teu make model pangajaran dumasar masalah. Metodeu anu dipake dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuantitatif. Bahasan anu dihasilkeun tina ieu panalungtikan dihasilkeun tina pretés jeung postés di kelas ékspérimén. Saterusna, data dianalisis make itungan statistik kalawan ngahasilkeun hasil uji-t di kelas eksperimen nyaeta $18,19 \geq 2.06$ jeung t_{hitung} leuwih gede tina t_{tabel} tina kelas kontrol nayeta $10,38 \geq 2.06$. Bisa disimpulkeun yén pamakéan sahiji modél pangajaran dumasar masalah pikeun ningkatkeun murid dina pamahaman eusi puisi ngaliwatan paraprassa.

Konci: Modél Pangajaran Dumasar Masalah, Pangajaran Ngarti Eusi Puisi, Paraprasa.